


# PreSkole

[elēv]




# PreSkole

Yon piblikasyon pou timoun preskolè ki nan laj 4-5 lane.

Koresponn ak lane # 2 nan seri dezan preskolè yo.

[elèv]



Tout a sitasyon sa yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalèm.

Edisyon sa a pibliye pa mwayen Ministè Fòmasyon Disip-Rejyon Mezo-Amerik, Legliz Nazareyen.

© 2018 Dwa rezève respè ak la lwa.

ISBN: 978-1-63580-076-0

Tradiksyon ak adaptasyon: Dezama Jeudi

Mise en paj: Bethany Cyr

[www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org](http://www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org)

[discipleship@mesoamericaregion.org](mailto:discipleship@mesoamericaregion.org)

Enprime nan Etazini yo



# Tab Matyè

---

## INITE I: JEZI ANSEYE NOU

<b>Lesson 1</b>	Jezi Anseye Nou Pou Nou Pa Enkyete	5
<b>Lesson 2</b>	Jezi Anseye Nou Renmen Lòt Yo	7
<b>Lesson 3</b>	Jezi Anseye Nou Pataje	9
<b>Lesson 4</b>	Jezi Anseye Nou Pou Disip Li	11



## INITE II: LABIB PALE NOU SOU DAVID

<b>Lesson 5</b>	Bondye Chwazi David Pou Wa	15
<b>Lesson 6</b>	David Bat Golyat Ak ÈD Bondye	17
<b>Lesson 7</b>	Bondye Bay David Yon Zanmi Espesyal	19
<b>Lesson 8</b>	Bondye Ede David Pou Li Aji Byen	21

## INITE III: ISTWA KE JEZI TE RAKONTE

<b>Lesson 9</b>	Istwa Nonm Ki T'ap Simen An	23
<b>Lesson 10</b>	Istwa Bon Samariten An	25
<b>Lesson 11</b>	Istwa Yon Gwo Fèt	27
<b>Lesson 12</b>	Istwa Mouton Pèdi A	29
<b>Lesson 13</b>	Istwa Ti Gason Prodig La	31



## INITE IV: JEZI VIVAN!

<b>Lesson 14</b>	Jezi Pataje Yon Repa Espesyal	35
<b>Lesson 15</b>	Jezi Vwayaje Lavil Jerizalèm	37
<b>Lesson 16</b>	Kavo Vid La	39
<b>Lesson 17</b>	Jezi Vivan!	41

## INITE V: BONDYE TANDE LAPRIYÈ NOU

<b>Lesson 18</b>	Nou Remèsye Bondye	43
<b>Lesson 19</b>	Àn Mande Bondye Yon Pitit	45
<b>Lesson 20</b>	Ezekyas Priye Lèli Te Malad	47
<b>Lesson 21</b>	Danyèl Lapriyè Lè Li Santi La Perèz	49




## INITE VI: MOUN KI TE KONFYE NAN BONDYE

<b>Lesson 22</b>	Debora Konfye Nan ÈD Bondye	51
<b>Lesson 23</b>	Jedeyon Konfye Nan Bondye	53
<b>Lesson 24</b>	Yon Fanm Konfye Nan Bondye Lè Li Santi Li Tris	55
<b>Lesson 25</b>	Naaman Obeyi E Konfye Nan Bondye	57
<b>Lesson 26</b>	Jòb Konfye Nan Bondye Malgre Pwoblèm Li Yo	59

## **INITE VII: MWEN FÈ PATI LEGLIZ MWEN**

<b>Leson 27</b>	Mwen Fè Pati Legliz Mwen	61
<b>Leson 28</b>	Mwen Aprann Labib	63
<b>Leson 29</b>	Mwen Aprann Ede Lòt Moun	65
<b>Leson 30</b>	Mwen Bay Ofrann Mwen Ak Bondye	67




## **INITE VIII: ISTWA PÒL**

<b>Leson 31</b>	Sòl Konnen Jezi	69
<b>Leson 32</b>	Sòl Preche Sou Jezi	71
<b>Leson 33</b>	Pòl Pale Lidi Sou Jezi	73
<b>Leson 34</b>	Pòl Pale Sou Jezi Ak Yon Prizonye	75
<b>Leson 35</b>	Pòl Preche Sou Jezi Ak Women Yo	77

## **INITE IX: LABIB EDE NOU PRAN DESIZYON**

<b>Leson 36</b>	Izarak Deside Janti	79
<b>Leson 37</b>	Jonas Pran Yon Move Desizyon	81
<b>Leson 38</b>	Jonas Pran Yon Bon Desizyon	83
<b>Leson 39</b>	Danyèl Deside Fè Sa Ki Dwat	85
<b>Leson 40</b>	Estè Deside Ede Pèp Bondye A	87




## **INITE X: BONDYE VLE NOU MONTRE LANMOU LI**

<b>Leson 41</b>	Nou Demontre Lanmou Ak Zanmi Nou Yo	89
<b>Leson 42</b>	Nou Demontre Lanmou Pou Jezi	91
<b>Leson 43</b>	Nou Konte Sou Jezi Ak Lòt Moun Yo	93
<b>Leson 44</b>	Nou Demontre Lanmou Nou Lè Nou Ede Lòt Moun	95

## **INITE XI: BIB LA PALE NOU DE RIT**

<b>Leson 45</b>	Rit Ak Nawomi Retounen Bètleyèm	97
<b>Leson 46</b>	Rit Konnen Boaz	99
<b>Leson 47</b>	Rit Pataje Ak Nawomi	101
<b>Leson 48</b>	Yo Ede Nan Fanmi Rit	103



## **INITE XII: NOU DI BONDYE MÈSI POU JEZI**

<b>Leson 49</b>	Pwomès Espesyal Bondye	105
<b>Leson 50</b>	Nesans Jezi	107
<b>Leson 51</b>	Zanj Yo Anonse Bon Nouvèl	109
<b>Leson 52</b>	Gado Mouton Yo Selebre Nesans Jezi	111
<b>Leson 53</b>	Nonm Save Yo Vizite Jezi	113

## **SEKSYON KI POU REKOUPÉ**

116


J e z i

anseye nou anpil bagay.


Pa Enkyete W!



Konbyen flè ki  
genyen?



Konbyen zwazo ki genyen?




Jezi anseye nou ke Bondye ap pran swen nou.



**MWEN  
RELE:**



Jodi a timoun yo pral etidye premye  
nan kat lesion ki pale sou kòman  
Jezi moutre nou viv. Yo te aprann ke  
Bondye pran swen zwazo ak flè yo,  
epi se poutèt sa nou kapab kwè  
ke l ap pran swen nou tou.



Ti e yo



zwazo yo

Jezi



Jezi te di konsa:

"Benediksyon pou moun sa yo ki tande  
pawòl Bondye a epi obeyi li." (Lik 11:28)

Jezi te di konsa:  
"Benediksyon pou moun  
sa yo ki tande pawòl  
Bondye a epi obeyi li"  
(Lik 11:28)

Mwen Renmen

---

---

Mwen Renmen

---

---

Mwen Renmen

---

---

### Enstriksyon:

1. Ede timoun yo koupe toulekat kè yo.
2. Mande yo pou yo panse avèk twa moun ke yo renmen epi ekri non yo sou kè yo. Ou kapab make non yo avèk liy twentiye pou yo kapab remake yo avèk plis fasilité.
3. Fè yon twou nan tèt chak kè. Mete yon ti kòd nan chak epi mare li. Mande timoun yo pou yo koke kè yo nan yon klou ki pou koke rad oubyen nan yon bwa (gade egzanp lan).



Pandan klas sa,  
timoun preskolè yo ap aprann  
dezyèm nan kat lesón yo ki pale  
sou kòman Jezi montre nou viv.  
Jezi vle pou nou renmen Bondye  
avèk pwochen nou. Ankouraje  
timoun yo pou yo eksprime  
afeksyon yo pou lòt moun  
epi pale avèk yo sou  
lanmou Bondye.




Double liy ki an pwentiye yo

**Jezi te di  
konsa:**

**“Benediksyon  
pou moun sa yo  
ki tande pawòl  
Bondye a epi  
obeyi li”  
(Lik 11:28)**

Double liy ki an pwentiye yo

koupe li jan sa endike liy pwentiye



anseye nou pataje sa  
nou genyen.



**W ap bezwen yon vè plastik, sizo, lakòl ak kèk vèmisèl sèk kalite espageti pou chak timoun.**

**Enstriksyon:** Swiv entriksyon sa yo pou w kapab ede timoun yo reyalize pwojè sa:

1. Ekri mo lafwa, "Jezi", epi koupe ti bann ki nan pati anba fèy la.
2. Double grenye a pandan n ap swiv liy pwentiye yo.
3. Vire fèy la epi mete yon bon kantite lakòl (sou tout arebò yo), yon fason pou vè plastic la rete kole nan fèy la (gade egzanp la).
4. Kole ti baton ble oswa pyès pat yo anndan vè plastik la, yon fason pou li fè yon ti parèt deyò kòm si se ta ble a k ap soti nan grenye a. Timoun yo kapab mete oubyen kole ti bann nan avèk mo lafwa nan mitan vè a.

C

A

2


1

D


B



Jou sa timoun yo pral aprann dènye nan lesson yo sou kòman Jezi anseye nou viv. Yo te etidye osijè de disip Jezi yo ak kòman Simon Pye, Andre, Jakòb ak Jan te kite kannòt yo pou swiv Li. Timoun preskolè yo te etidye ke swiv Jezi se yon desizyon. Nou swiv li lè nou chwazi renmen li epi viv jan Li vle pou nou fè li. Pandan w ap lapiyè pou timoun yo, di Bondye mèsi pou tout bagay yo te aprann pandan seri lesoun sa yo.



se Ptit Bondye. Nou menm nou kapab renmen ak obeyi li.



W ap bezwen papye  
ble, sizo, lakòl ak kat  
etap oswa desen  
pwason pou chak  
timoun.

**Enstriksyon:** Swiv etap sa a yo pou  
w ka ede timoun yo elabore bato yo:

1. Rekoupe imaj ki anlè a pandan w ap swiv liy yo.
2. Double sou longè liy ki pwentiye yo.
3. Mete lakòl nan seksyon A, B, C ak D.
4. Kole seksyon A ak B a nan pati agoch la, anndan seksyon 1 ak 2. Apre

sa, kole seksyon C ak D nan pati ki adwat la, anndan seksyon 1 ak 2. .  
5. Double yon fèy ble sou fòm akòdeyon epi mete li sou tab la.  
6. Mete lakòl sou toude premye doub nan chak pwent fèy nan fòm akòdeyon an.  
7. Mete bato a sou lakòl la. Ou kapab

kole pilizyè imaj ki gan fòm pwason sou papye ble a. Mete mo lafwa anndan ti bato a.  
8. Ankouraje elèv ou yo pataje istwa bay fanmi ak zanmi yo.




Jezi te di konsa: "Benediksyon pou moun  
sa yo ki tande pawòl Bondye a epi obeyi li"

(Lik 11:28)

2

Koupe sèk sa



Enstriksyon:


**Swiv**  
enstriksyon  
sa a yo pou  
kapab ede  
timoun yo  
konplete  
aktivite sa:

1. Rekoupe toude sèk yo. Rekoupe fenèt ki make nan sèk nimewo 1.
2. Plase sèk nimewo 1 an sou sèk nimewo 2 a.
3. Ini de sèk yo fè yon sèl avèk yon pens papye ki gen de pat.
4. Deplase sèk siperyè a pou w wè chak sèn nan fenèt la. Nan liv antrenè a w ap jwenn kèk lòt enstriksyon.




1

Koupe sèk sa





Bondye ede nou  
kennen volonte li.



**MWEN  
RELÈ:**

Sekou

mwen

sotinan

men

seye


a. Se li

**mem ki fè**


Syé - la ak Laté a.

(Sòn 121 :2)

Pou  
Paran Yo



Nan lesson sa a, timoun yo te aprann kòman Bondye te chwazi David kòm wa pèp Izrayèl (1 Samyèl 16:1-3). David te renmen Bondye. Nan mem fason ke Bondye te renmen ak ede David. Mansyone divès fason ke Bondye demonstre lanmou li.



Bondye  
ede nou  
kennen  
volonte  
li.

Bondye - ede nou

**Enstriksyon:** Swiv enstriksyon sa yo pou kapab ede timoun yo elabore imaj David avèk Golyat, epi konpare diferans lan nan wotè yo:

1. Pentire epi rekoupe twa pyès ki nan paj anvan yo.
2. Mete de pyès ki fòme imaj Golyat yo ansanm pandan w ap kole seksyon ki make avèk lèt A sou lèt seksyon B yo.
3. Double imaj Golyat la sou fòm akòdeyon.

4. Endike yo dedouble imaj Golyat la epi konpare diferans ki genyen ant wotè toude pèsonaj yo. Dyaloge avèk yo sou kòman Bondye te ede David genyen yon batay kont gwo jeyan an, menm si Golyat te pigwo gason epi pi pwisan pase ti gadò mouton an.





Bondye

ede nou


Bondye ede  
nou konnen  
volonte li.

## Pi bon zanmi m nan avèk mwen

Fè yon imaj kote w ansanm avèk zanmi w lan.

MWEN  
RELE:

# Kimoun ki kapab ede nou?



**"Sekou mwen soti nan men  
Seyè a. Se li menm ki fè syèl  
la ak latè a."**  
(Sòm 121:2)

Pentire espas ki make ak nimewo 1 yo avèk yon koulè wouj, epi sa ki gen nimewo 2 yo avèk koulè ble.  
Kimoun ki kapab ede nou?  
**Bondye** kapab ede nou!

Paran Yo Pou  
Nan ieson sa a, preadolesan yo te aprann kòman Bondye te beni David atravè zanmitay Jonatan (1 Samyèl 18:1-4; 19:1-7). Yo te dekovri ke Jonatan te janti avèk David epi ede li lè li te nan pwoblèm. Egzòte elèv ou yo pou yo janti avèk frè parèy yo pandan semèn nan.

Bondye ede nou  
konnen volonte li.



**"Sekou mwen soti nan men  
Seyè a. Se li menm ki fè  
syèl la ak latè a."**

(Salmo 121:2)

Bondye ede nou  
konnen volonte li.



**"Sekou mwen soti nan men  
Seyè a. Se li menm ki fè  
syèl la ak latè a."**

(Salmo 121:2)

Bondye ede nou  
konnen volonte li.



**"Sekou mwen soti nan men  
Seyè a. Se li menm ki fè  
syèl la ak latè a."**

(Salmo 121:2)

Bondye ede nou  
konnen volonte li.



**"Sekou mwen soti nan men  
Seyè a. Se li menm ki fè  
syèl la ak latè a."**

(Salmo 121:2)

Bondye ede nou

Mwen vle vin janti ak renmen sèvi. M pral ede ranmase tijwèt mwen yo.



Mwen vle vin janti ak renmen sèvi. M pral ede nan lave asyèt yo.



Mwen vle vin janti ak renmen sèvi. M pral ede nan kase rad.



Mwen vle vin janti ak renmen sèvi. M pral ede lòt moun yo.

Bon te




**Enstriksyon:** Ede timoun yo rekupe kat yo pandan n ap swiv liy ki pwentiye yo. Mande pou timoun yo byen gade imaj ki nan paj sa avèk anpil atansyon epi fè yo di nan ki fason timoun ki nan paj sa a yo demonstre konpòtman pou yo bay sèvis ak jantiyès yo. Bay yo tan pou yo trase imaj nan espas vid la ki montre kòman yo menm tou yo kapab vin janti epi renmen bay sèvis yo.



Vire kat la epi repase istwa biblik David ak Mefi-Bosèt la. Mande pou yo trase mo lafwa epi repepe vèsè a pou yo memorize li. Lè nou fini, se pou nou sere kat yo nan yon bous ki fèt anplastik pou nou kapab pote yo lakay epi rakonte fanmi sa nou te aprann nan lesson an jodi a.

Se Tan Pou  
Simen



"Se konsa, li te montre  
yo anpil bagay pa mwayen  
egzanp."

(Matye 13:3, BJ)



# Parabòl yo se istwa espesyal ke Jezi te konn rakonte.

## Enstriksyon:

1. Ede timoun yo trase mo lafwa a epi ekri non yo nan plas ki kòresponn nan. Mande pou yo pentire fèy ki avan an.
2. Ede yo doublé fèy la sou fòm akòdeyon. Sèn 1 an dwe rete anlè. Remèt etap ki gen pou wè avèk leson an epi bay tan pou yo mete yo nan plas yo.
3. Divize klas la pade oubyen, si gwoup ou a pa anpil, mande pou yon volontè repase istwa biblik la pandan l ap sèvi ak fèy travay li a.



# Parabol yo

*se istwa espesyal ke Jezi  
te konn rakonte.*



*Mwen menm tou  
mwen kapab vin  
janmi!*

"Se konsa, li  
te montre yo  
anpil bagay pa  
mwayen egzanp."  
(Matye 13:3, BJ)

# Parabol yo



**Pou Parah Yo**

Jodi a preadolesan yo te etidyé istwa yon nonm samariten ki te gen anpil bonte avèk yon vwayajè jwif [Lik 10:25-37]. Pa mwayen sa yo te aprann ke yo menm tou yo kapab vin gen bonte avèk lòt moun. Mete aksan sou fason ke elèv yo fè zanmi avèk lòt moun epi ankouraje yo pou yo familyarize yo avèk frè parèy yo.



#### Enstriksyon:

1. Apre w fin ekri non yo epi remake mo lafwa nan fèy travay la, mande timoun yo pou yo desine rad nonm ki blese a.
2. Ede yo rekoupe chak seksyon yo ki nan fèy avan an pandan n ap swiv liy pwentiye yo. rekoupe tranch vètikal yo ki nan premye seksyon an, dapre sa liy ki pwentiye yo endike.
3. Itilize bann adezif la, kole premye ak twazyèm seksyon an, kote yo endike lèt A avèk B, pou fòme yon bandwòl desen. Ede timoun yo entwodwi bandwòl desen ki fini yo nan ouvèti premye seksyon an.

Bay tan pou ke elèv yo repase istwa biblik la pandan y ap itilize fèy travay la. Endike yo pou yo ekri non yo nan rektang ki nan sèn 3. Pandan y ap fè li, ankouraje yo vin gen bonte menm jan ak bon samariten an.

# Ou Envite




se istwa espesyal ke Jezi te konn  
rakonte.

"Se konsa, li te montre yo anpil bagay pa mwayen  
egzanp. (Matye 13:3, BJ)

Jwenn epi fèmen blad yo nan yon  
worn. Pentire yo chak avèk yon  
koulè ki difera. Kole de etanp  
sou yo kote ki koresponn nan.



MWEN  
RELE:




dewoulman lesson  
sa, timoun preskolè  
yo te etidye parabòl  
nonm ki te òganize  
gwo fêt la pou  
zanmi li yo (Lik  
14:15-24). Lè zanmi  
li yo pat ale, li t al  
envite lòt moun ki  
abité nan menm ti  
bouk la. Ankouraje  
timoun ou yo al  
rakonte fanmi ak  
zanmi yo sa yo te  
aprann nan istwa  
biblik la.



Pandan

4

**Parabòl yo**



2  
3

1

8

Relye pwen yo pou w' kapab wè kote nou ka li istwa espesyal ke Jezi te rakonte yo.

**Jezi te konn rakonte.**  
**se istwa espesyal ke**





7  
6

5

# Kote Mouton M Nan?

Parabol yo

*se istwa espesyal ke Jezi te  
konn rakonte.*




"Se konsa, li te montre yo anpil  
bagay pa mwayen egzanp."


(Matye 13:3, BJ)

MWEN  
RELE:

# konbyen mouton bèje a te genyen?



Mande timoun yo pou rakonte istwa bèje ki te jwenn mouton li ki te pèdi a. Mande yo: konbyen mouton bèje a te chèche? (youn). Poukisa bèje a t al chèche yon sèl mouton ki te pèdi pandan li te genyen 99 nan pak la? (Li te renmen tout mouton yo paske tout te enpòtan pou li).




**se istwa espesyal ke Jezi  
te konn rakonte.**



"Se konsa, li te  
monstre yo anpil  
bagay pa mwayen  
egzanp."

(Matye 13:3, BJ).




## Pitit ki retounen lakay li a



*se istwa espesyal  
ke Jezi te konn  
rakonte.*

### Enstriksyon:


1. Endike timoun yo pou yo ekri mo lafwa, pou yo pentire desen yo epi kole etanp tikochon an.
2. Ede yo mete nimewo desen ki nan paj avan yo nan lòd, dapre sa yo te aprann nan istwa biblik la.
3. Ede yo rekoupe kare sa a yo pandan n ap swiv liy pwentiye yo epi al kole yo sou yon moso katon oubyen fèy bristòl kòm egzanp.



# Li vivavan!

"Non, li pa isit la, men li te leve soti vivan nan lanmò." (Lik 24:6)

1  
2  
3  
4



### **Enstriksyon:**

1. Montre chak timoun fèy asistans ou a.
2. Rekoupe kè yo pou lesion 14-17. Kòm kontwòl asistans lan, chak semèn, bay timoun yo tan pou yo kole kè yo nan espas ki kòresponnan.
3. Kole fèy asistans lan nan mi oswa nan yon tablo.
4. Nan dènye klas la remèt chak timoun fèy asistans yo a. Mande yo pou yo fè yon kè nan rad ki sou Jezi a. Lè klas la fini yo kapab ale lakay yo avèk fèy yo.



### **Itilize li pou Inite IV**

# Yon Soupe Espesyal

Rekoupe imaj sa.


2

"Non, li pa isit la,  
vivan nan men li te leve soti  
lanmò"  
(Lik 24:6)

35

1

Rekoupe sèk sa.



Nan lesyon jodi a timoun preskolè yo te etidye osijè de yon soupe byen espesyal ke Jezi te pataje ak disip li yo (dènye repa a, Mak 14:12-26). Yo te aprann enpòtans pataje ak renmen sèvi pwochen an genyen. Ankouraje yo sonje istwa sa epi rakonte fanmi yo li.

# Ozana, Ozana!

Fè imaj ki sanble yo konekte youn ak lòt atravè yon liy.

Kris Vivan



Jezi, Pitit  
Bondye a,  
te leve soti  
vivan nan  
lanmò.




"Non, li pa  
isit la, men li te  
leve soti vivan  
nan lanmò."  
(Lik 24:6)



#### Enstriksyon:

1. Mande timoun yo pou yo jwenn imaj Jezi a, ti bourik la avèk fèy palmis la epi pentire yo.
2. Mande yo pou yo siyale imaj Jezi a epi mande yo: Nan kisa Jezi te vwayaje pou ale Jerizalèm? (sou yon ti bourik). Endike yo pou yo trase yon liy ki konekte imaj Jezi a avèk pa ti bourik la.
3. Kounye a mande yo pou yo chèche foul moun ki t ap tann Jezi yo epi mande yo: Kisa moun yo te mete atè a pou Jezi te pase? (fèy palmis). Mande yo pou yo konekte imaj sa a yo.
4. Mande yo pou yo endike tanp lan epi mande yo: Kilès moun sa yo ki te nan tanp lan ap adore Jezi epi rele di "Ozana"! (timoun yo). Ankouraje timoun yo trase liy ki pou konekte de imaj yo.
5. Finalman, ekri mo lafwa epi mete non nou nan fèy travay ki fini an.



## Pou Paran Yo


Jodi a nou pral etidyé sou gwo antre Jezi nan lavil Jerizalèm (Matye 21:11, 15-16).

Eksplike timoun yo ke mo "Ozana" ak "alelouya" yo se ekspresyon ki te konn itilize nan epòk biblik yo pou bay remèsiman ak bay Bondye louwanj. Mete aksan sou enpòtans toujou louwe ak remèsyé Bondye a genyen.

Kris Vivant

Jezi, Pitit Bondye a, li te  
leve soti vivan nan lanmò.





Jezi, Ptit Bondye a, te leve soti  
vivan nan lanmò.

"Li pa (**i** **s** **i** **t** **. l** **a**), men li  
te (**l** **e** **v** **a** **. s** **o** **t** **i**) vivan  
nan lanmò."

(*Lik 24:6*)

# Kris Vivan

## Kisa ki te pase aprè?

Jezi, Pitit Bondye a, te leve soti vivan nan lanmò.

Fèmen anndan yon wonn sa ki te pase aprè reyèlman.



Yon flè nan jaden an.

Jezi vivan!



## Pou Paran Yo

Jodi a nou etidye dènye leson sou semèn pak la (Jan 20:10-18) epi nou dekouvri, kòman Mari te fè pou li te di ke Jezi vivan.

Jezi te pale ak Mari epi li te rann li kont ke se te zanmi ak Seyè li a. Envite timoun yo mete tan apa pandan semèn sa pou yo lapriyè ak di Bondye mèsi pou Jezi, Pitit li a, k ap viv ak renye pou toutan gentan.



Ede timoun ou an remake mo tèks yo pou memorize avèk imaj ki koresponn yo. Apre sa, repete vèsè a ansanm.

Li pa

isit la

li te leve

soti

vivan nan

lanmò

Li pa

isit la

li te leve


soti

vivan nan

lanmò

(Lik 24:6)

# Mwen kapab lapriyè ak di Bondye mèsi!



**se pale avèk Bondye.**

Pentire imaj pèsonaj biblik  
ki te di Bondye mèsi yo.

"Pa janm sispann lapriyè." (1 Tesalonisyen 5:17)



Fèmen  
nan yon  
wonn bagay  
sa yo ke w  
dwe di Bondye  
mèsi pou yo.



Ou  
kapab di  
Bondye  
mèsi  
pou tout  
bagay!

Lapriyé

se  
pale  
ak

Bondye

Fè desen yon bagay ki fè w di Bondye mèsi. Apre sa lapriyé epi di Bondye mèsi pou yo.

Pou  
Paran Yo

Jodi a nou etidye premye a nan kat lesson ki pale sou lapriyé. Priye vle di pale avèk Bondye san difikilte. Timoun yo te aprann ke pèsonaj nan Ansyen Testaman yo te konn lapriyé lè yo te rekonesan (Sòm 136:1-9, 26). Pitit li a tou te lapriyé epi di Bondye mèsi pandan klas la. Ankouraje yo pentire ankadreman ki nan paj anlè a oubyen yon bagay ki fè li di Bondye mèsi. Apre sa, se pou nou lapriyé epi di Bondye mèsi pandan semèn nan pou bagay ki desine yo.



Lapriye

## se pale ak Bondye.

W ap bezwen fil  
len oswa riban

Rekoupe imaj yo  
pou fòme yon komèt  
(barilèt oswa kap).

Mwen kapab lapriyè lè  
mwen santi mwen atriste.

Àn te  
lapriyè  
lè li te  
atriste.  
1 Samyèl  
1:1-20



"Pa janm sispann  
lapriyè."  
(1 Tesalonisyen 5:17)




### Enstriksyon:

1. Koupe yon moso fil ki genyen 45 cm pou chak timoun ki nan klas la. Rekoupe etanp tibebe a ki se Samyèl nan seksyon ki pou koupe a nan liv elèv la.
2. Remèt chak timoun fèy aktivite pa yo a epi endike yo pentire imaj Ân nan. Se pou yo ekri non li ak mo lafwa ki kòresponn nan inite sa.
3. Ede yo koupe epi ranje komèt la (barilèt oswa kap la) avèk anpil atansyon. Remèt etanp tibebe a ki se Samyèl epi bay yo tan pou yo kole li nan men Ân.
4. Mete tan apa pou yo ranje kap yo a. Se pou w toujou prêt pou w ede sa ki nan bezwen. Avèk ti bann adezif se pou yo kole fil la nan pati ki dèyè imaj yo, kòmanse depi nan pi gwo a pou fini avèk sa ki pi piti a. Gade egzanp.
5. Mande elèv ou yo pou yo obsève imaj tifi a ki dèyè kap la k ap lapriyè epi fè yo sonje: Ân te lapriyè lè li te atriste, menm jan ak tifi sa nou wè nan imaj la. Nou menm tou nou kapab lapriyè lè nou santi nou atriste paske Bondye renmen nou epi pran swen nou.



Mwen kapab lapriyè lè mwen malad



**se pale ak  
Bondye.**



Ezekyas te malad anpil. Pentire imaj ki montre sa Ezekyas te fè a.  
Kimoun ki te fè Ezekyas santi li refè? (Bondye)



"Pa janm sispann lapriyè."  
(1 Tesalonisyen 5:17).

Bondye avèk nou. Li pran swen  
nou lè nou malad.  
Kisa w kapab fè lè w santi w  
malad?






Jodi a nou te aprann twazyèm nan kat lesan yo ki pale sou lapriyè. Semèn pase a nou te etidye yon lesan ki pale sou An, yon fanm ki te lapriyè paske li te atriste. Jodi a nou te aprann ke wa Ezekyas te lapriyè lè li te malad (2 Wa 20 :1-11). Fè timoun yo sonje ke yo menm tou yo kapab lapriyè lè yo malad oswa lè yo santi yo mal.


## Lè mwen santi mwen...

Pentire espas ki genyen nimewo 1 yo avèk yon koulè epi espas ki genyen nimewo 2 yo avèk yon lòt koulè.




## Mwen kapab...

Pentire espas ki genyen nimewo 3 yo avèk yon koulè epi espas ki genyen nimewo 4 yo avèk yon lòt koulè.



**MWEN  
RELE:**

# Mwen kapab lapriyè lè mwen pè



W ap bezwen ti  
moso bwa ki plat

**Rapèl sou lapriyè**




**Enstriksyon:**

1. Bay tan pou timoun yo pentire ti chen mawon an epi rekopé li. Si sa nesesè, ede yo. Mande pou yo ekri non yo epi remake mo lafwa a.
2. Ede yo kole ti chen mawon an nan ti bwa yo.
3. Mande yo pou yo pote ti chen mawon an lakay yo. Lè yo wè li, sonje ke Danyèl te priye lè li te santi lapèrèz. Lè w santi w pè, ou menm tou ou kapab pale ak Bondye. Bondye toujou la avèk ou toutan, tout kote, epi li tande w lè w priye.

**Itilize ti chen  
mawon sa kòm  
yon rapèl ke  
Bondye pran swen  
nou lè nou santi  
lapèrèz.  
Lapriyè epi mande  
li pou li toujou  
akonpanye nou.**

# Toupre larivyè a



se kwè ke Bondye  
pral fè sa ke Li te pwomèt nou an.



Mete tout

Konfysans

ou nan

Seyé a.

Pa gade sou sa ou konnen.

(Pwovèb 3:5)



Jodi a n ap etidye istwa Debora, yon jij epi pwofèt ki te mete konfysans li nan Bondye. Lè Izrayelit yo te mande Bondye sekou, Li te di Debora ke li ta pral voye Barak al batay kont lame wa Jaben an (Jij 4 :1-16). Izrayelit yo te genyen batay la. Timoun yo te aprann ke Bondye akonpli sa ke li pwomèt nou, se poutèt sa nou kapab mete konfysans nou nan Li.



Jedeyon te  
mete konfyans  
li nan Bondye

"Mete tout  
konfyans ou nan  
Seye a. Pa gade  
sou sa ou konnen."  
(Pwovèb 3:5)

Konfye

Bondye pral fè sa Li  
te pwomèt nou an.

### Enstriksyon yo pou fè flanbo a:

1. Distribye fèy travay la bay chak elèv. Mande yo pou yo pentire ak rekoupe flanbo a.
2. Remèt chak timoun yon vè oswa kòn ak papye; endike yo pou yo double flanbo a epi foure li anndan vè a (gade egzanp lan).




### Enstriksyon yo pou twonpèt la:



1. Mande yo remake pawòl lafwa a epi rekoupe twonpèt yo.
2. Bay chak timoun yon katon ki fen oswa yon fèy bristòl epi mande yo kole twonpèt yo a la menm. Kounye a, double fèy la pou w bali fòm yon kòn epi kole li avèk yon ti bann adezif pou li kapab konsève fòm sa..
3. Envite yo itilize flanbo a avèk twonpèt la pandan w ap rakonte istwa biblik la.
4. Kite yo pote travay yo ki déjà fini lakay yo. Mande yo pou yo rakonte fanmi yo istwa biblik la pandan y ap sèvi ak materyèl sa yo. Fè yo sonje: Jedeyon te pè, men li te mete konfyans li nan sekou Bondye. Nou menm tou nou kapab konfye ke Bondye kapab ede nou chak jou.




se kwè ke Bondye pral fè sa  
ke Li te pwomèt nou an.



Èd Elize lè  
li te rive bò  
kote timoun  
ki te malad  
la!



# Mete tout



Pa gade sou sa ou  
konnen.  
*(Pwovèb 3:5)*



Pandan seri lesson sa a, nou te etidye istwa yon fanm Sounamit ki te mete konfyans li nan Bondye malgre pitit li a te mouri epi li te atriste anpil (2 Wa 4 :8-37). Fè dyalòg avèk pitit ou yo sou moman kote yo te conn santi yo atriste. Di yo konsa: Anpil fwa li konn byen difisil pou nou mete konfyans nou nan Bondye lè nou santi nou atriste oubyen gen yon bagay ki grav ki pase. Men, nou dwe sonje ke Bondye toujou ap pwoteje nou paske li renmen nou.

Itilize yon makè oubyen yon kreyon koulè pou remake mo ki endike nan vèsè biblik la.



papye ki gen de ti pat yo.


1. Chèche yon gwo klip ak yon pens papye ki genyen de pat pou chak timoun.
2. Distribye fèy travay yo epi ede yo rekoupe tibann ki nan pati anba a. Apre sa, rekoupe epi double imaj Elize a pou ke li kapab rete poukout li vètikalman. Mande yo : Kisa Elize te fè pou li te yo timoun nan ? (Li te lapriyè mande Bondye sekou). Kisa Bondye te fè ? (Li te fè timoun ki te mouri a leve vivan anko). Mande sove timoun yo kenbe klip papye a nan mitan sèk la avèk èd pens
3. Exksplike enstriksyon jwèt la: Vire klip la epi deplase imaj Elize a nan nimewo espas ke klip la make yo (1, 2, 3 oubyen 4). Konsa, elize ap kontinye avanse pou rive nan direksyon kote timoun nan avèk mannan li ye a. Lè yo rive nan dénye bout wout la, fè yo sonje empôtans ki genyen an pou moun lapriyè epi mete konfyans nan Bondye lè y ap fè fas ak pwoblèm ak lapèrèz. Mande yo pou yo pote fèy travay la lakay yo pou yo kapab montre sa yo te aprann jou sa a nan lekòl dominikal la.

Enstriksyon:

**1, 2, 3, 4, 5,  
6, ak 7 fwa**


"Mete tout konfyans ou  
nan Seyè a. Pa gade  
sou sa ou konnen."

Pwochè 3:5



**Konfye** se kwè ke Bondye pral fè  
sa li te pwomèt la.





#### Enstriksyon:

1. Bay chak timoun yon fèy travay ak de ti moso bwa plat yo. Bay yo tan pou yo desine ak rekoupe toude imaj yo. Apre sa, ede yo kole yo chak nan yon ti moso bwa, jan egzanz lan montre l la.

2. Chèche bay chak timoun yon fèy katon oswa yon fèy bristòl ble. Fè yon ti fann li vétikalman epi nan pati anba a epi mete imaj la. Konsa, timoun yo ap kapab deplase li de anwo pou desann anba, pandan y ap chare kantite fwa Naaman te plonje nan larivyè Jouden an.

3. Di yo konsa: Naaman te malad anpil, men lè li te deside mete konfyans li nan Bondye ak obeyi li, Li te geri li. Èske nou kapab rakonte mwén sa ki te pase yon lè pandan nou te malad? Kisa nou te fè pou nou te santi nou miyò? Pafwa Bondye bannou doktè ak medsin ki pou ede nou lè nou malad. Bondye sèvi ak mwayen sa a yo pou nou ka santi nou miyò. Sonje ke Bondye toujou la avèk nou epi nou kapab pale avèk li lè nou santi nou malad.



# Ariste Anpil!

"Mete tout konfyans ou nan Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen."  
(Pwovèb 3:5)



Jòb te renmen Bondye.  
Anpil bagay mal te rive Jòb.

Zanmi Jòb yo te pale epi pale anpil, men pa gen youn ki te ede li.



Jòb te mete konfyans li nan Bondye malgre pwoblèm yo epi Li te pran swen li.


**Konfye**  
se kwè ke Bondye pral fè sa li te pwomèt la.



**Enstriksyon:**

1. Bay chak timoun fèy aktivite pa yo a. Mande yo remake mo lafwa a epi ekri non yo. Apre sa, pandan y ap swiv liy pwentiye ki nan paj anlè a, yo dwe rekoupe sèk yo, kare ki gen mo lafwa a ak ti zile ki gen non yo a.
2. Fè yon ti revizyon toukout sou istwa pandan timoun yo ap kole pyès ki te rekoupe yo sou moso katon koulè (gade modèl la).
3. Mande yo: Kisa ki te pase Jòb? (kite yo reponn). Kisa Jòb te fè lè tout bagay mal sa yo te rive li? (li te mete konfyans li nan Bondye).
4. Mande yo pou yo pote travay yo a ki deja fini lakay yo pou rakonte lòt moun yo sa yo te aprann nan istwa biblik la.





### Enstriksyon:

1. Remèt chak timoun fèy travay yo a.
2. Ede yo rekoupe de pyès nan fèy la pandan y ap swiv liy pwentiye yo. Apre sa kenbe sèk la nan pati anlè tanp lan avèk pens papye a ki gen de ti pat yo. Endike timoun yo pou yo vire sèk la pou yo kapab dekovri chak desen yo (gade egzanp lan).
3. Di yo konsa: Nan tan biblik yo, moun yo te konn rasanble pou yo adore Bondye. Byen souvan yo te konn fè sa nan kay moun. Yo te legliz la epi yo konn aprann anpil bagay sou Bondye atravè Pawòl li (vire sèk la epi montre yo imaj 1). Yo te konn lapriyè ansanm tou (montre yo imaj 2). Nou menm tou nou toujou ale yon kote ki rele tanp kote n al aprann anpil bagay nan Bib la, lapriyè ak louwe Bondye (montre imaj 3). Kijan non legliz nou an rele? (kite timoun yo reponn epi asire w ke yo tout konnen non an byen). Se nou menm ki legliz la. Moun sa yo ki renmen epi adore Bondye, se yo ki fòme legliz la.



Pou paran yo  
Jodi a timoun yo te kòmanse aprann sa sa  
vle di fè pati fanmi Bondye a (Legliz la). Yo  
te aprann ke moun sa yo ki fè pati legliz  
la konnen lannou Bondye ak Jezi. Pitit li

a. Yo te etidye ke moun sa yo ki renmen Bondye  
yo rasanble pou lapriyè, koute ak aprann nan Bib  
la. Istwa jodi a se sou kominyon kretyèn ke premye  
kretyen yo te konn jwi anpil (Travay 2 :42-47).  
Ankouraje timoun preskolè yo rakonte fanmi yo istwa  
biblik ki pale sou premye kretyen yo.

# Nou menm, nou aprann osijè de Bib la



Legliz

Moun sa yo ki konnen  
ak renmen Bondye,  
yo fè pati legliz  
la. Kote n ale  
pou nou louwe  
Bondye a rele  
tanp.



"Pa pran egzamp sou  
moun ki pran abitid pa  
vin nan reyinyon nou yo."

(Ebre 10:25)

Mande timoun yo pou yo ansèkle fanmi  
nan tan biblik yo ak Lekriti yo te konn li yo.  
Apre sa mande yo fèmén anndan yon kare  
fanmi nan kounye yo ak Bib y ap sèvi a.

Mande yo: *Kisa Bib la anseye yo?*

# Kote Bib yo ye?



Jwenn epi ansèkle senk Bib ki pèdi anndan kay sa. Sonje ke Bib la se yon liv espesyal ki ede nou konnen Bondye. Ki iswa biblik ou pi renmen?



**"Pa pran egzanp sou moun ki pran  
abitid pa vin nan reyinyon nou yo."**

(Ebre 10:25)

# Sèt konpany espesyal




Disip yo te chwazi sèt  
konpany espesyal




Moun sa yo ki konnen ak rennen  
Bondye, yo fè pati legliz la. Kote n ale  
pou nou louwe Bondye a rele tanp.



# Mwen kapab ede tou!



Moun sa yo ki konnen ak renmen Bondye, yo fè pati legliz la. Kote n ale pou nou louwe Bondye a rele tanp.



Ede timoun yo plen sak papye sa avèk koupon pou achte manje yo ki nan seksyon ki pou rekopue a nan liv elèv la. Anmezi y ap rekopue ak kole imaj yo, di yo konsa: Nan tan biblik yo, moun sa yo ki te renmen Bondye, yo te konn ede youn lòt. Nou menm tou nou kapab ede. Pa egzanp, bay moun ki nan nesesite yo manje.

# Ann Aprann Bay!

Lesson 30

Pa pran

egzanp

sou moun

ki pran

abitid pa

vin nan

reyinyon

nou yo

Ebre  
10:25

Legliz

Moun sa yo ki konnen ak  
renmen Bondye, yo fè pati  
legliz la. Kote n ale pou nou  
louwe Bondye a rele tanp.





#### Enstriksyon:

1. Remèt chak elèv fèy travay yo a pou yo pentire epi rekoupe .....monnen yo. Apre sa, mande yo pou yo ekri non yo epi remake mo lafwa ki nan inite sa.
2. Repete chak pati tèks la ansanm avèk timoun yo pou memorize li pandan y ap sere monnen yo a nan yon sak ki fèt ak papye oswa twal. Repase istwa biblik la avèk yo pandan w ap mare sak monnen an avèk yon fil.

3. Di yo konsa: moun sa yo ki nan istwa biblik nou wè jodi a yo te bay lajan yo pou ede legliz nan peyi Jide. Nou menm tou nan bay ofrann nan legliz nou No unan sans sa a nou ede lòt moun.

Apre sa, mande timoun preskolè yo pou yo pote monnen yo lakay yo epi montre fanmi yo tèks pou yo aprann nan.



# Yon Nonm Transfòme

"Se pou nou renmen lòt moun,  
menm jan Kris te renmen nou an."  
(Efezyen 5:2).



Sôl pat kwè ke Jezi se te Ptit Bondye a. Li te konn maltrete moun ki te konn swiv Jezi yo.




Jezi te voye Ananyas al lapriyè pou Sayil. Epi Sôl te kapab wè ankò!



Sôl te deside renmen ak swiv Jezi tou. Sôl te pale avèk lòt moun osijè de Jezi.



Sôl te fè fas ak Jezi sou wout Damas. Yon limyè byen klere te fè Sôl tonbe avèg.



Bondye renmen nou epi li te voye Ptit li a Jezi. Sa se **bon nouvèl** la ke nou menm kreyen yo nou dwe pataje ak lòt yo.



# Bon Nouvel

Bondye renmen  
nou epi li te voye  
Pitit li a Jezi.



Ede timoun yo relye kè yo avèk yon liy ki genyen pawòl tèks pou aprann yo, pandan y ap repete li byen fò.

**"Se pou nou  
renmen lòt  
moun, menm  
jan Kris te  
renmen nou an."**

(Efazyen 5:2)



## Panye Pòl la

Bondye renmen nou epi li te voye Pitit li a Jezi. Sa se **bon nouvèl** la ke nou menm kretyen yo nou dwe pataje ak lòt yo.

**Bon Nouvel**

**"Se pou nou  
renmen lòt  
moun, menm  
jan Kris te  
renmen nou an."**  
**(Efezyen 5:2)**



**Enstriksyon:**

1. Remèt chak timoun fèy travay pa yo a. Defini mo lafwa a pandan timoun yo ap remake li.
2. Ede yo rekoupe imaj ki nan paj anlè a pandan y ap swiv liy ble yo. Apre sa, double li sou

liy jòn yo pou fòme yon panye. Mete chak kote yo anlè youn sou lòt epi kole yo.  
3. Endike yo pou yo rekoupe ak double imaj Pòl la; apre sa, mande yo pou yo mete li anndan panye a.

4. Fè yon revizyon jeneral sou istwa a pandan timoun yo ap montre li atravè panye yo a.
5. Mande yo pou yo pote panye yo a lakay yo epi rakonte fanmi yo sa yo te aprann nan lesон jodi a.

# Pòl pale ak Lidi osijè de Jezi.




**Bon Nouvèl!**

Bondye renmen nou epi li te voye Ptit li a Jezi. Sa se **bon nouvèl** la ke nou menm kreyen yo nou dwe pataje ak lòt yo.

"Se pou nou renmen lòt moun, menm jan Kris te renmen nou an."  
(Efeyen 5:2).





## Pòl pale ak Lidi osijè de Jezi.

Pentire espas ki gen nimewo 1 yo avèk koulè wouj. Avèk koulè vyolèt sa ki genyen nimewo 2 yo, epi avèk koulè ble sa ki genyen nimewo 3 yo. Konsa, w ap jwenn Pòl ak Lidi.

# Bon Nouvel!

Bondye renmen nou epi li te voye Pitit li a Jezi. Sa se **bon nouvèl** la ke nou menm kretyen yo nou dwe pataje ak lòt yo.

## Chèn Ki Kase Yo

“Se pou nou renmen lòt moun, menm jan Kris te renmen nou an.”  
(Efezyen 5:2)







*Jodi a timoun preskolè yo te aprann ke Pòl ak Silas te fè louwanj pou Bondye malgre yo te bat yo epi mete yo nan prizon (Travay 16:20-34). Lè Bondye te libere yo anba chèn yo, yo te rete menm kote a epi te preche bon nouvèl Jezi a bay majò prizon an. Nan sware sa a, majò prizon an ak tout fanmi li te deside renmen ak swiv Jezi paske Pòl te pale yo de Li.*

#### Enstriksyon:

1. Remèt chak elèv fèy travay yo a avèk koupon majò prizon an.
  2. Mande yo: Kisa Pòl avèk Silas t ap fè nan prizon an? (chante ak louwe Bondye). Kisa Bondye te fè pou Li te ede yo? (Li te sekwe prizon an avèk yon tranblann tè epi kase chèn yo). Mande timoun yo pou yo doublé anle annavan pati anba fèy la epi kole imaj majò prizon an nan plas ki pou li a.
  3. Repase tèks pou aprann nan ansanm: "Se pou nou renmen lòt moun, menm jan Kris te renmen nou an." (Efezyen 5:2).
- Di yo konsa: Nou menm nou montre lanmou Bondye anvè lòt moun lè nou anонse yo bon nouvèl la osijè de Jezi, Pitit Bondye a.

Kole chak koupon ki kòresponn ak koulè chèn sa yo pou dekouvri yon verite biblik ki enpòtan.



# Bon Nouvèl





### Enstriksyon:

1. Remèt chak timoun fèy aktivite yo, epi mande yo pou yo pentire ak rekoupe devinèt la.
2. Pandan y ap ranje li, pale yo de fason Pòl te anonse women yo osijè de Jezi.
3. Repase tèks pou aprann nan: "Se pou nou renmen lòt moun, menm jan Kris te renmen nou an" (Efezyen 5:2).
4. Remèt chak timoun yon anvlopè oswa sak anplastik pou yo konsève fèy devinèt yo a epi pote l lakay yo. Konsa, l ap kapab genyen li nan men li pou rakonte fanmi li sa li te aprann nan lesyon jodi a.

Pandan dewoulman lesson  
 jodi a, nou gen pou nou  
 etidye jan Izarak te janti avèk  
 lòt moun, memm lè yo pat  
 janti avèk li (Jenèz 23 :17-31). Fè  
 timoun preskolè yo sonje ke yo dwe  
 rakonte fanmi yo sa yo te aprann  
 nan istwa biblik la. Pale avèk yo osiјè  
 de sa pran bon desizyon ak vin janti  
 ak lòt moun vle di.






#### Enstriksyon:

1. Mande timoun yo pou yo rekoupe fèy travay la nan mitan pandan y ap swiv liy nwa a. Apre sa, mande yo double pati k ap sèvi kòm fon a (imaj animal yo) pou ke yo kapab mete li kanpe.
2. Bay tan pou ke yo pentire ak rekoupe imaj yo. Lè yo fini, fè yo kole yon ti moso bwa plat dèyè do a (gade egzanz lan).
3. Ankouraje yo itilize imaj sa a yo pou yo kapab sonje istwa biblik la.



Se fè sa Bondye vle pou w fè a.



- Enstriksyon:**
1. Bay tan pou timoun yo kapab ekri non yo epi remake mo lafwa a.
  2. Mande yo pou yo pentire kannòt la avèk imaj moun yo.
  3. Montre yo kijan pou yo double fèy la pou wè lè jonas tonbe deyò kannòt la.
  4. Mande yo pou yo kole imaj gwo pwason an.
  5. Pandan y ap itilize fèy travay la, yo dwe repase istwa a epi jwenn kisa ki te rezulta move desizyon Jonas la.

Jodi a nou kontinye  
aprann osijè de  
vie pou timoun ke Bondye  
pran. Nan istwa preskolè yo  
(Jonas 1:1-2:10). Jonas te pran  
avèk timoun sou kisa siyifikasyon  
obeyi Bondye epi fè yo sonje ke  
desizyon.

Pou  
Parah Yo



Se fè sa Bondye vle pou w fè a.

Mwen menm tou, mwen kapab obeyi Bondye!



**MWEN  
RELE:**

BONDYE JONAS SENOG


Mande: Kòman Jonas te obeyi Bondye? (li te ale Niniv)

Pou Paran Yo

Nan klas jodi a nou te etidye osijè de bon desizyon Jonas te pran. Lè li te anndan vant gwo pwason an, li te repanti paske li te dezobeyi Bondye. Jonas te deside fè sa ke Bondye te bay li lòd fè a epi li te ale lavil Niniv (Jonas 3:1-10). Fè yon ti chita pale avèk elèv ou yo sou fason yo kapab obeyi Bondye. Mande timoun ou yo nan ki fason nou kapab obeyi Bondye.

#### Enstriksyon:

1. Mande yo pou yo doublé fèy la nan mitan; apre sa, dedouble li. Rekoupe toude liy ki nan pati anlè a pandan n ap swiv liy pwenitiye yo. Apre sa, doublé chak seksyon ki rekoupe a sou devan, pou kouvri pati anba fèy la (gade egzanp lan).
2. Mande pou yo pentire chak imaj epi ajoute chak koupon nan plas ki pou yo nan chak seksyon.
3. Mande yo fè yon desen nan kare ki vid la ki montre obeyisans lan. Pale avèk yo siyifikasyon obeyi Bondye genyen.



Obeyi

Se fè sa Bondye vle pou w fè a.

# Danyèl te obeyi Bondye



Jwenn epi ansèkle twa kawòt pèdi yo.



**Enstriksyon:**

1. Rekoupe koupon ki kòresponn pou lesion sa nan seksyon ki pou rekoupe a.
2. Mande yo pou yo remake mo lafwa epi ekri non yo.
3. Bay tan pou yo kapab kole koupon yo a nan fèy la.
4. Mande pou yo chèche ak ansèkle twa kawòt pèdi yo.





Istwa biblik jodi a se te osijè de yon jèn ki te rele Danyèl. Li menm avèk zanmi li yo te renmen Bondye epi te deside obeyi li. Danyèl te dwe pran yon desizyon. Li te dwe chwazi swa manje manje sou tab kay wa a oubyen manje manje ki fè Bondye plezi. Danyèl te deside fè Bondye plezi (Danyèl 1:1-15). Ankouraje elèv ou yo pran:desizyon ki fè Bondye plezi.

Relye fòm fwi sa yo avèk vejetal yo avèk koupon w genyen an. Kole yo nan plas ki kòrèk la.

### Relye fwi yo avèk vejetal yo



Se fè sa Bondye vle pou w fè a.



Mande elèv ou yo pou yo bay chak imaj yon non epi pentire yo. Apre yo fin mansyone fòm yo chak, mande yo pou yo rakonte kèk pati nan istwa Estè a. Rèn Estè te ede pèp Bondye a. Li te obeyi Bondye pandan li t ap fè sa ki dwat. Repete vèsè ki pou aprann nan.

Kare

Sèk

Lozanj

Rektang


Triyang

#### Enstriksyon:

1. Mande yo pou yo fè pwent yo kontre epi di ki imaj li fòme (yon kouwòn).
2. Pèmèt yo remake mo lafwa a epi ekri non yo nan fèy la.
3. Mande yo pou yo dekore bijou kouwòn nan avèk kreyon koulè, kreyon senp oswa lòt materyèl ou chwazi.
4. Pale avèk yo sou desizyon rèn Estè te pran pou ede pèp Bondye a.



Nou dwe montre lanmou  
anvè lòt moun. Bondye  
renmen tout moun.



"Mezanmi, se pou nou youn  
renmen lòt paske renmen soti

nan Bondye."

(1 Jan 4:7).


### **Enstriksyon:**

1. Mande yo pou yo pentire moun ki nan ilistrasyon yo. Apre sa yo kapab remake mo lafwa a epi ekri non yo.
2. Apre sa, se pou yo rekoupe sèt pyès devinèt yo pandan y ap swiv liy pwentiye yo.
3. Pandan y ap ranje li, fè yon revizyon sou istwa biblik la.
4. Bay chak timoun yo anvlop pou ke yo kapab konsève pyès devinèt yo a. Fè yo sonje ke lè klas la fini, yo kapab ale lakay yo avèk li.



# Mari e Mat

Nou dwe montre lanmou anvè lòt moun. Bondye renmen tout moun.



"Mezammi, se pou nou youn renmen lòt paske renmen sofi nan Bondye.  
(1 Jan 4:7).

**Enstriksyon:**


1. Rekoupe toude tibann desen yo ki nan paj anlè a sou liy pwentiye yo.
2. Ede yo ini yo pandan n ap kole de seksyon ki make yo avèk lèt A.
3. Bay chak timoun yo pla oswa yon moso katon ki fèt ansèk. Mande yo pou yo pentire li epi dekore li jan yo renmen an. Apre sa, ekri ladan li: "Bondye renmen (David)", "(David) renmen Jezi".
4. Fè de tras vètikal nan chak pla ki gen yon mezi de 8.75 cm., pandan w ap kite yon espas de 7.5 cm. Ant de ouvèti yo.
5. Ede yo foure tibann desen yo nan mitan ouvèti katon an (gade egzamp lan). Lè yo fini, pèmèt yo kole seksyon ki make yo avèk lèt B.
6. Ankouraje yo montre yon desen chak fwa pandan y ap rakonte istwa biblik la epi repete vèsè biblik la.



# Lanmou

Nou dwe montre lanmou anvè lòt moun. Bondye renmen tout moun.

Kisa ki te pase apre?



Kole koupon ki manke yo nan lòd pou w konplete istwa Filip ak etyopyen an.



"Mezanmi, se pou nou youn renmen lòt paske  
renmen soti nan Bondye."

*(1 Jan 4:7)*






Pou  
Paran Yo

Jodi a timoun preskolè yo te etidye kote ke Bondye te voye Filip pase nan yon chemen ki nan dezè a pou li te pale ak yon etyopyen de Jezi (Travay 8:26-39).


Mande timoun yo pou yo ini pwen yo pou yo kapab dekouvri sou kisa etyopyen an te chita; pandan y ap fè li, mande yo kisa ki te bon nouvèl ke filip te anonse li.



**Enstriksyon:** Rekoupe twa kupon ki gen pou wè ak lesoun sa epi remèt timoun yo ansanm avèk fèy travay la. bay tan pou yo ekri non yo, remake mo lafwa epi pentire imaj yo. Fè yon revizyon sou etap istorik la pandan ke timoun yo ap plase kupon yo nan lòd kòrèk pou konplete istwa a. Ankouraje yo sèvi ak fèy sa pou rakonte lòt moun istwa Filip ak etyopyen an.


# Lanmou

Nou dwe montre lanmou anvè lòt moun. Bondye renmen tout moun. Konplete toude desen Tabita yo avèk etanp ki kòresponn yo nan liy yo chak.



**"Mezanmi, se pou nou youn renmen lòt paske renmen soti nan Bondye."**


(1 Jan 4:7)





Nan leson sa a, elèv yo te aprann osijè de yon fanm ki rele Tabita, ki te renmen Jezi epi ki te konn ede lòt moun nan fè rad pou yo. Yon jou Tabita te malad epi mouri.

Zanmi li yo te atriste anpil epi yo te mande Pyè pou li te ale lakay li a. Bondye te fè yon mirak atravè Pyè epi li te demonstre lanmou li pou Tabita pandan li te remèt li lavi ankò.



**Enstriksyon:** Rekoupe toude koupon ki kòresponn yo nan leson sa. Distribye yo bay elèv yo ansanm avèk fèy travay la. Mande pou yo chèche koupon ki kòresponn nan nan liy chak desen epi pou yo kole li pou konplete. Fè yon revizyon istwa biblik la pandan y ap pentire demonstrasyon yo.

Tabita te renmen Bondye. Tabita te demonstre lanmou Bondye a nan ede lòt moun. Èske w kapab pentire rad Tabita ak pa timoun yo?



# Bondye

Pran Swen nou

Bondye renmen nou epi montre nou lanmou li nan pran swen ak founi nesesite nou yo.

"Renmèt sò ou nan men Seyè a, l'a kenbe ou fèm." (Sòm 55:22)

Yon fanmi  
ki plen  
lanmou

Manje  
pou nou  
manje

Rad  
pou  
mete



**MWEN  
RELE:**



Nan lesон jodi a nou etidye ke Bondye te pran swen Nawomi ak Rit pandan yo t ap vwayeje pou ale laval Bètleyèm (Rit 1 :1-19). Rit avèk Nawomi te renmen youn lòt epi te konnen ke Bondye te renmen yo tou.

**Enstriksyon:** Bay tan pou elèv ou yo pentire desen an epi kole koupon ki kòresponn yo nan lesон an. Repase avèk yo lesон kijan Bondye te pran swen Nawomi ak Rit pandan yo t ap vwayaje pou ale nan laval Bètleyèm. Di yo konsa: Bondye te pwoteje Rit ak Nawomi. Bondye pwoteje w avèk fanmi w tou.




Fè yon desen fanmi w.



**Bondye te pwoteje Rit ak Nawomi.  
Bondye pwoteje w avèk fanmi w tou!**

Bondye renmen nou epi  
monstre nou lanmou li  
**nou** nan pran swen ak founi  
nesesite nou yo.



Bondye te pwoteje Rit ak Nawomi. Li ede Rit ranmase grap yo nan jaden Bòz. Mete tout ponyen grap ou kapab jwenn yo nan yon wonn. Lè w fini, pentire yo.



"Renmèt sò ou  
nan men Seyè a,  
l'a kenbe ou fèm."  
(Sòm 55:22)






Pandan lesan sa, nou te aprann kijan Bondye te itilize yon nonm pou pran swen Rit ak Nawomi.

Bondye te konnen yo bezwen manje.  
Bondye te pran swen yo epi ede yo jwenn sa yo bezwen.

Ede elèv ou yo konte ak nimewote grap zepi yo pandan n ap revize istwa biblik la.



# Rit fè pataj avèk Nawomi



## Bondye

## Pran Swen nou

Bondye renmen nou epi  
montre nou lanmou li  
nan pran swen ak founi  
nesesite nou yo.

"Renmèt sò ou nan men Seyè a,  
l'a kenbe ou fèm." (Sòm 55:22)



MWEN  
RELE:

**Enstriksyon:** Bay chak elèv fè travay yo a ak kreyon koulè oswa kreyon senp. Montre yo kijan pou yo itilize liy yo kòm gid pou trase lòt mwatye grap zepi yo. Ankouraje yo pale osijè de sa yo te aprann pandan istwa biblik la pandan y ap konplete desen an.

Pou  
Parah Yo

Jodi a timoun yo te etidye bon nouvèl Rit la ki te:  
kapab ranmase zepi avèk libète epi genyen plis pou  
li ta separe bay Nawomi. Anmezi y ap kole oswa  
trase sereyal yo plis renmen an nan pati anba a, rakonte yo  
kijan Bondye te ede Bòz pran swen Rit ak Nawomi.

Trase  
oswa kole  
sereyal ou pi renmen an.

Di Bondye mèsi pou nouriti yo ke li ba ou.  
Di Li mèsi pou lanmou ak pwoteksyon li.

**"Renmèt sò ou nan men Seyè a, l'a kenbe ou fèm."**

(Sòm 55:22)

# Bondye

P  
Pran Swen nou

Bondye renmen nou epi montre nou lanmou li nan pran swen ak founi nesesite nou yo.



Nawomi, Rit avèk Bòz te renmen epi pran swen youn lòt. Yo te renmen ti bebe Obèd. Jwenn epi ansèkle bebe a. Pentire desen an epi di yon bagay ki fè w sonje istwa biblik jodi a.



# Rit Marye Avèk Bòz




ak



te chita pale. "Bondye ap pran swen w." te di  
Bòz.



ta rennen marye avèk  
Rit  
Bòz  
ak  
te ale nan



la pou mande maryaj te  
Bòz.  
ki se Nawomi te ede  
Rit  
Bòz  
ak  
pran swen








Rit



ak



te marye. Yo te genyen yon  
Rit  
Bòz  
ak  
ki rele Obèd. Grann nan  
bebe



104

yo tout te di. Bondye te pran swen

Nawomi,

ak

Li istwa sa a ovèk élèv ou yo sou  
fòm revizyon. Mande yo pou lè yo  
rive sou chak nan imaj yo, pou yo  
di non ki kòresponn nan.




Obed.

# Pwomès Nowèl La

Nan tan Nowèl, nou fete nesans Jezi





Relye ti pwen yo  
pandan w ap swiv  
lòd nimewo yo. Kisa  
zanj Gabriyèl te di  
Mari? (Ke li ta vin  
manman Pitit Bondye  
a). Bondye te akonpli  
pwomès li lè li te voye  
Jezi, Pitit Li a!



N a n  
l e s o n  
s a n a p  
etidye pwomès  
kote Bondye te  
pwomèt pou  
voye Pitit li Jezi.  
Yon zanj ki rele  
Gabriyèl te di  
Mari ke se limenm  
ki ta vin manman  
Pitit Bondye a  
(Lik 1:26-38). Se  
pou yo konplete  
maj pyebwa  
a pandan y ap  
relye ti pwen yo.  
Lapriyè avèk yo  
pou w di Bondye  
mèsi pou nesans  
Jezi a.

**"Paske,  
Bondye  
sitèlman  
renmen  
lèzòm li  
bay sèl  
Pitit li a  
pou yo."**

**(Jan 3:16).**



Man Tan Mwest

nou fete nesans Jezi

"Paske, Bondye sitèlman renmen  
lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo."  
(Jan 3:16)

②




Jou sa a nou fete  
nesans Jezi (Lik 2:1-17).  
Se pou nou rejwi avèk  
pitit nou yo pandan  
y ap etidye leson sa yo epi  
ankouraje yo rakonte kèk fanmi ak  
zanmi istwa biblik la.

③

①

④




**Enstriksyon:**

1. Koupe sou liy pwentiye yo.
2. Double pwent yo sou anndan pandan w ap swiv lòd nimewo ki nan kare yo ke w pral itilize kòm baz.

**Men bagay la!** Ou fòme yon bél krèch k ap fè w sonje nesans Jezi a.

Man Tan Nwèf

nou fete  
nesans Jezi



MWEN  
RELE:

**Enstriksyon:**

1. Rekoupe imaj zanj lan pandan w ap swiv kontou ak liw pwentiye make yo.
2. Pentire zanj lan epi ajoute tikkere oswa dyaman.
3. Double seksyon A epi foure li nan ouvèti B a pou ke imaj zanj lan ka rete debou.



# Bon nouvèl!

(zanj)

**yo te retounen nan syèl la apre**

**yo te fin anonse bon nouvèl la bay**

(bèje yo)

**. Bèje yo te ale nan lavil**

**Bètleyèm pou yo te al chèche**

(ti bebe a ki se Jezi)

(Ti bebe a ki se Jezi)

**te nan yon**

(krèch)

(Bèje yo)

**te di anpil ke,**

(Jezi)

**Pitit Bondye a te fèt!**

**MWEN  
RELE:**

Pentire limyè nowèl yo. èske w sonje ke se nowèl n ap fete?  
(nesans Jezi a) Pentire imaj ti bebe Jezi a avèk bèje a.

Maw-Tan Inwèl

nou fete  
nesans Jezi.



Pou  
Paran Yo

Nan lesoun sa, timoun preskolè yo te rejwi avèk bèje yo lè yo te konnen ke Jezi te fèt.  
Siyale pou yo ke sa ki plis enpòtan nan fèt nowèl la se ke nou sonje nesans Sovè nou an epi nou di Bondye mèsi pou Li.



Man Tan Nwei

nou fete nesans Jezi.



MWEN  
RELE:

# Nan Tan Nwèl


nou fete  
nesans Jezi.

Nonm save nan peyi loryan yo te pote anpil kado espesyal pou Jezi, Ptit Bondye a. Relye avèk yon liy kado ki menm jan yo.




Nan dènye lesон sa ki pale de Nowèl, timoun preskolè yo te etidye osijè de nonm save nan peyi loryan yo avèk fason yo te swiv zetwal la pou yo te jwenn ak adore Jezi.

Fè yo sonje ke menm jan mesye sa yo te pote kado pou Ptit Bondye a, yo menm tou yo dwe ofri Seyè a pibon kado yo a:kè yo.





## SEKSYON KI POU REKOUPÉ



Itilize li avèk Leson 11.




**Nòt:** Itilize koupon  
sa yo dapre sa  
leson elèv yo avèk  
liv antrenè yo  
endike. Sèvi avèk  
lakòl pou w kole yo  
nan fèy travay la.



Pou sèvi avèk leson  
14, 15, 16 ak 17



Itilize li avèk  
Leson 13.



Itilize li avèk  
Leson 12.





## Koupon Adisyonèl Yo

Sèvi avèk koupon sa yo kòm prim oswa pou  
dekore fèy elèv yo nan inite III, IV ak V.








2.



Itilize li avèk Leson 38.

1.



3.



Ala bon

I' fè,  
ki  
toujou

sa bon  
pou  
moun

Bondye  
mande

Koupon pou Leson 39.

ap fè  
sa ki

ki fè sa


dwat devan li!

Itilize li avèk  
Leson 39.


Itilize li avèk Leson 43.



Itilize li avèk  
Leson 37.



Itilize li avèk  
Leson 45.



Itilize li avèk  
Leson 44.

Rekoupe  
epi kole  
koupon  
yo nan  
fèy travay  
ou yo.










**Nòt:** Itilize koupon sa yo dapre sa lesон elèv yo avèk liv antrenè yo endike. Sèvi avèk lakòl pou w kole yo nan fèy travay la.


Itilize li avèk Leson 22.



Itilize li avèk Leson 29.

Sèvi avèk koupon sa yo kòm prim oswa pou dekore fèy elèv yo nan inite VII ak VIII.






Itilize li avèk  
Leson 34.



Itilize li avèk Leson 29.



Itilize li avèk  
Leson 34.







# Bondye kenbe

li yo

Itilize li avèk  
Lesson 49.



Itilize li avèk  
Lesson 1.

pwomès

Itilize li avèk  
Lesson 50.



Itilize  
li avèk  
Lesson 53.

**Nòt:** Itilize koupon sa yo  
dapre sa lesson elèv yo avèk  
liv antrenè yo endike.  
Sèvi avèk lakòl pou w kole  
yo nan fèy travay la trabajo.



Itilize li avèk  
Lesson 52.




## KOUPON ADISYONÈL YO



Utilize li avèk Leson 5.



Utilize li avèk  
Leson 1.






W ap bezwen  
de ti moso  
chak plat pou  
Pa biliye  
adezif pou  
kole a.




Rit

1. Ede timoun preskolè w yo koupe imaj pou fè poupe yo.
2. Ede yo asire figi poupe yo avèk adezif epi tibwa yo.
3. Ankourage timoun ou yo rekoupe istwa Rit la lè li t ap pote ble bay Nawomi an, pandan y ap sèvi ak poupe yo.







# PreSkole

Bonjour ti zanmi, etidye liv sa a se pi Bon chwa ke w' te kapab fè!

Ladan li ou pral aprann lesон ki trè enteresan sou lavi Jezi, zanmi li yo ak lòt pèsonaj enteresan yo, tankou Àn avèk ti pitit li Samyèl. Danyèl ap kaptive kè w'. Anplis de sa, w'ap aprann kisa legliz la ye, Bib la ak kòman pou w' rakonte lèzòt yo sou anpil bagay ke Bondye ba ou.

Ekip editoryal MEDFDI santi li kontan pou li ofri w' yon liv tèlman enteresan pou ke ou aprann ak jwe nan menm tan!



Edikasyon Kretyèn pou  
Timoun yo